

Merite yon Derapaj  
Head Start 🇺🇸







**Genyen plis  
pase 250 sant  
lokal Derapaj  
Head Start nan  
lavil Nouyòk.**

## Yon pwogram gratis

Derapaj Head Start ofri pwogram edikatif pou timoun laj 3 a 5 an ak tout yon varyete opòtinite ak sèvis sipò pou fanmi yo. Depi 1965, nou mete ansanm ak paran ki pa touche anpil lajan - ki soti plizyè kote diferan – pou ede timoun reyisi nan lekòl epi reyisi nan lavi. Administrasyon sèvis pou timoun parene plis pase 250 sant Derapaj Head Start nan katye ki nan tout lavil Nouyòk. Yo chak ofri yon anvwonman san danje e ki sen kote timoun yo ak tout paran yo vini pou aprann, pou evolye epi pou reyisi. Epi tout pwogram Derapaj Head Start gratis nètale.



**nyc ACS**  
NYC Administration for  
Children's Services

Se òganizasyon ak bi non likratif ki resevwa fon nan men gouvènman federal atravè Administrasyon Sèvis pou Timoun nan lavil Nouyòk e ki dirije pwogram Derapaj Head Start la.



# Edikasyon: Derapaj Head Start se yon Bon Kòmansman


Lè timoun renmen aprann, tout lòt bagay vin tonbe anplas. Chak jou nan Derapaj Head Start timoun jwi tout kalite aktivite ak jwèt ki devlope pou anseye tout bagay depi chif ak lèt jouk nan aprann pataje ak kijan pou yo antann yo ak lòt. Yo aprann renmen liv epi devlope yon bon baz nan lekti. Yo aprann sou lanati epi lasyans nan fè aktivite ki enteresan e ki pèmèt yo patisipe. Yo pentire epi desinen, degize epi jwe mizik – tout sa pou ankouraje kiryozite, imajinasyon ak lajwa espesyal timoun piti genyen nan laj sa yo.

E sa se sèlman kòmansman an. Tout timoun nan Derapaj Head Start jwe nan pak ak sou lakou epi yo ale an pwonmad nan kominote lokal la ak nan tout lavil Nouyòk.

Tout pwogram yo gen plizyè lang epi yo gen ladan yo timoun ak fanmi ki soti nan gwoup etnik diferan epi ki gen diferan kilti. Nan Derapaj Head Start yo selebre divèsite andedan epi andeyò de klas la, epi menm nan lè repa kote yo jwenn yon



*Tikè dantre pou fanmi kilti ki koul la pèmèt antre gratis pou 36 nan pi bon mize, jaden botanik ak pak pou bèt sovaj yo, nan Nouyòk.*



varyete manje tradisyonèl. Chak jou nan Derapaj Head Start, timoun yo manje repa ki delisye, apétisan, ki prepare nan sant lokal Derapaj Head Start la.




# Lasante ak Derapaj Head Start

Derapaj Head Start ede timoun ak fanmi yo gen aksè a bon kalite sèvis lasante ki gratis, nan pwòp kominote yo. Yon pwofesyonèl evalye timoun nan premye 45 jou yo, lèkonsa yo kapab adrese nenpòt pwoblèm rapidman. Fanmi Derapaj Head Start yo genyen aksè a swen medikal pandan tout ane a, tankou tchèkòp, swen dantè ak sèvis lasante mantal. Nan Derapaj Head Start lasante tou se yon bagay ki trè enpòtan nan sa moun aprann toulejou. Timoun lave men yo anvan yo manje epi bwose dan yo chak jou pou yo pratike bagay sa yo ak lòt abitud bon ijyèn, depi yo tou piti.

Toutan, anplwaye yo ede fanmi pou yo jwenn repons a kesyon sou swen lasante yo ka genyen epi ede yo jwenn èd medikal lè yo bezwen.


**Fanmi kin an Derapaj Head Start yo genyen aksè a swen medikal regilye pandan tout ane a.**



# Timoun andikape

Timoun andikape byenveni nan chak pwogram Derapaj Head Start.

Nou konnen ke chak timoun genyen pwòp kouraj yo ak pwòp bezwen yo. Nan Derapaj Head Start, paran, pwofesè, ak espesyalis yo travay ansanm pou devlope yon



pwogram endividyèl pou chak timoun – nan saldeklas la tankou tou nan andedan lakay yo. Timoun andikape patisipe nan aktivite nòmal yo epi yo jwe epi etidye ak tout lòt timoun yo.

Derapaj Head Start genyen resous pou ede plizyè timoun andikape menm si yo genyen andikap fizik, andikap nan

devlopman oswa nan konpòtman. Chak ane kantite timoun andikape depase 10% kantite timoun ki enskri nan Derapaj Head Start. Se poutèt sa chak ane Derapaj Head Start devwe a 100% pou ede timoun yo gen siksè.



# Paran: rekòmanse ankò ak Derapaj Head Start

Yon nouvo travay... yon diplòm lekòl... yon miyò kote pou viv... Pou adilt, tout opòtinite sa yo kòmanse nan Derapaj Head Start. Ak pwogram fòmasyon pou travay, kou edikasyon pou adilt, èd ak lojman epi lòt bagay, Derapaj Head Start ofri plizyè opòtinite pou adilt ki ap chèche amelyore lavi yo. Chak fanmi travay ak yon anplwaye ki la pou yo nan Derapaj Head Start ki la ede tout moun nan fanmi an idantifye objektif yo, epi deside kisa pou yo fè pou yo rive atenn yo. Tout sant yo menm genyen yon zòn separe kote adilt yo kapab vin aprann, pale oswa jis vini pou rankontre lòt moun.

Derapaj Head Start genyen tou pwogram ki adrese anpil nan pwoblèm fanmi genyen pou rezoud nan tan jodiya. Plizyè nan n sant Derapaj Head Start yo ofri sèvis yo bay gran paran ak papa (ak moun ki genyen papa) de fason trè espesyal. Derapaj Head Start kapab yon jan pou rekòmanse ankò, kòm li ofri plizyè metòd pou ede adilt nan wòl tankou paran epi nan wòl tankou endividi.

- Edikasyon pou adilt
- Pwogram GED
- Fòmasyon pou enfòmasyon
- Kou lang angle
- Fòmasyon pou travay
- Èd nan (jwenn) travay
- Sèvis lasante
- Atelye sou aprann fè manje
- Èd pou lojman

**“Sa se egzakteman sa pitit gason m nan te bezwen. Mwen menm tou.”**

# Derapaj Head Start: yon patnèship ak paran yo

Depi byen lontan Derapaj Head Start fonksyone tankou yon patnèship ant anplwaye ak fanmi yo. Nan chak pwogram Derapaj Head Start pifò nan paran ak lòt adilt nan fanmi yo pran laplipla nan desizyon yo, tankou bay anplwaye travay. Paran yo menm fòme yon konsèy pou règleman toupatou nan vil la, ki pataje responsablite pou pwogram Derapaj Head Start yo nan toulesan depatman lavil Nouyòk.



Paran yo sèvi tou tankou lyezon esansyèl nan kominote a, yo gen dwa ede nan chèche nouvo fanmi, oswa jwe wòl pòt pawòl pou Derapaj Head Start. Sèten nan yo travay ak pwogram ekstansyon, lòt patisipe nan gwoup ki bay sipò. Annefè, rezon ki fè Derapaj Head Start si tèlman fè anpil pou fanmi se poutèt fanmi si tèlman kontribye nan Derapaj Head Start.



## Anplwaye: poto mitan Derapaj Head Start

Anplwaye yo reprezante fòs pwogram Derapaj Head Start la; yo se pwofesyonèl, yo janti, yo kalifye, yo devwe, epi trè enterese nan ede fanmi pou yo sa benefisyè sou tout sa Derapaj Head Start ap ofri. Depi kòmansman – depi sou premye apèl telefonik la, rive jouk nan premye randevou a – li evidan ke bon moun ki travay nan Debi Prensipal yo trè devwe a travay yo.

Anplwaye Derapaj Head Start yo trè souvan viv nan sen kominote a, epi yo genyen ane depi yap ap travay ak Derapaj Head Start. Annefè, plizyè nan anplwaye yo te kòmanse antanke paran nan Derapaj Head Start. Sèten nan paran sa yo te kòmanse antanke timoun nan Derapaj Head Start.

Pwofesè, anplwaye ki travay ak fanmi, volontè, administratè, pwofesyonèl nan sante, kwizinye ak travayè yo – tout moun nan Derapaj Head Start, la pou fè tout bagay posib pou ede fanmi nan Derapaj Head Start pwogrese.

## Rele 311 epi mande pou Derapaj Head Start 🇺🇸



